

18 Septanm 2020

Direktè Pwovizwa, Sant Sante Inivèsitè (University Health Center)

Chè Kominote Kanpis,

Mwen gen lonè pou anonse Doktè Spyridon (Spiro) Marinopoulos kòm nouvo Direktè University Health Center, apati mwa janvyè 2021. Kòm direktè, Doktè Marinopoulos pral responsab pou lidèchip estratejik jeneral Sant lan k ap bay sèvis swen sante pou etidyan yo, pwofesè yo, anplwaye yo, ak vizitè yo, epi tou li pral sipèvizè pèsònèl medikal Maryland Athletics. Kòm doktè-ijyenis prensipal tou, li pral alatèt ak konsilte nan tout desizyon sou sante ak sekirite kanpis la ki gen rapò avèk COVID-19.

Doktè Marinopoulos ap vini nan University of Maryland apre li kite Johns Hopkins University kote li sèvi kòm Direktè University Health Services. Nan wòl sa a pandan 15 dènye ane yo, li travay pou satisfè swen sante etidyan yo ak estajyè yo nan kanpis Johns Hopkins East Baltimore. Pandan tout tan li pase nan Johns Hopkins, li te sèvi nan Ekip Travay sou Sante Mantal ak Byennèt Etidyan, li te alatèt aplikasyon yon melanj swen sante prensipal ak pratik sante mantal pou etidyan yo, li te sipèvizè agrandisman resous klinik yo epi tou li te kreye Biwo pou pwomosyon Byennèt ak Sante.

Doktè Marinopoulos te resevwa AB li nan Chimi epi li te resevwa diplòm MD ak diplòm MBA li nan University of Chicago. Answit li te pran fòmasyon li nan lamedsin entèn nan New York-Presbyterian Hospital, WeillCornell Medical Center anvan li te vin pwofesè atanplèn nan Johns Hopkins University School of Medicine nan ane 2001, kote li se yon Asistan Pwofesè Lamedsin.

Lidèchip pwouve li nan Johns Hopkins, anplis enpòtans li bay sou byennèt etidyan ak swen sante pou ekip la, fè mwen gen konfyans li pral imedyatman fè yon enpak isit la nan Maryland. Kokennchenn ekip University Health Center pral kontinye dirije fason an pandan n ap asosye avèk ofisyèl sante eta ak ofisyèl sante konte a, sou non tou kominote kanpis la. Nou eksite pou gen Doktè Marinopoulos alatèt.

Mwen ta renmen rekonèt ak montre pwofon rekonesans mwen ak admirasyon mwen pou Doktè Sacred Bodison, ki te sèvi nan inivèsite a pandan prèske 35 ane epi ki te soti nan retrèt nan sezon lotòn 2019 pou antre kòm Direktè Pwovizwa University Health Center. Doktè Bodison pral kontinye nan inivèsite a nan yon wòl konsiltatif pou asire yon tranzisyon san pwoblèm nan lidèchip.

MèsiMèsi Doktè Bodison! Epi Byenveni Doktè Marinopoulos!

Sènsèman,

**Patty Perillo, Ph.D**

vis-Prezidan pou Afè Etidyan